

LAMPIRAN V

HARTI BABASAN JEUNG PARIBASA SUNDA

NU NGANDUNG UNSUR BUDAYA

1. *Adi beuteung* :adi pamajikan atawa adi salaki (BPS, AR/10/1)
2. *Adat ka kurung ku iga* : adat jeung sipat jalma nu goréng anu hésé leungitna (BPS, AR/15/13)
3. *Agul ku payung butut* : agul ku tuturunan atawa kokocoran luhur (BPS, AR/16/19)
4. *Neda atawa mugi agung cukup lumur* : ucapan nu boga dosa sangkan dosana dihampura (BPS, AR/16/1)
5. *Jémbar pangampura* : menta dihampura (BPS, AR/17/5)
6. *Mabok ku ajian* : mabok ku kabiasaan gaib (BPS, AR/17/13)
7. *Élmu ajug* : mapatahan batur hal anu ku sorangan mah henteu dipigawé, cara ajug (BPS, AR/17/14)
8. *Ngajul bulan ku asiwung* : ngalakukeun hal nu taya gunana da mustahil kahontal (BPS, AR/17/19)
9. *Lamun henteu ngakal moal ngakeul* : lamun henteu daék usaha moal bisa barangdahar (BPS, AR/18/1)
10. *Ambekna sakuli sabawang* : nuduhkeun jalma anu gampang ngambek (BPS, AR/19/15)
11. *Anak pangsujudan* : anak anu diagung-agung, didama-dama (BPS, AR/20/1)
12. *Kawas ka anak téré* : dianggap jiga anak téré (BPS, AR/20/7)
13. *Henteu nyagap atawa ngarampa angen sorangan* : dina nyarita atawa ngalakukeun tindakan kanu séjén (BPS, AR/20/29)
14. *Dianjing cai* : dihéron, séro anu sok ngagalaksak kana lauk (BPS, AR/21/15)
15. *Ti kikirik nepi ka jadi anjing* : ti leutik kénéh népi ka gedé (BPS, AR/21/20)
16. *Ngalangeu* atawa *ngadaweung ngabangang areuy* : henteu puguh pikiran, jararauh panineungan (BPS, AR/22/19)

Siska Kusumawati, 2016

LÈKSIKON BUDAYA DALAM BABASAN DAN PERIBAHASA SUNDA
(KAJIAN ANTROPOLINGUISTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

17. *Mangka asak-asak ngéjo* : bisi kaduhung jagana (BPS, AR/23/9)
18. *Belang bayah* : jalma anu henteu wening atina, boga niat maksud boh ka dunungan boh ka babaturan (BPS, AR/37/3)
19. *Dibeuteungan nyusu* : disapih, dieureunan nyusu (BPS, AR/40/21)
20. *Kabeuli ati* : kataji ku kalakuan atawa omongan anu pikaresepeun (BPS, AR/25/21)
21. *Awak sabeulah* : lalaki at awéwé anu geus teu bogaeun pamajikan atawa salaki (BPS, AR/26/2)
22. *Ucap babalagonjangan* : omongan sabulang-bétar sugar meneran (BPS, AR/27/1)
23. *Balé nyungcung* : masigit (BPS, AR/28/18)
24. *Balég tampélé* : budak rumaja anu kakara ngalaman bogoh ka lalaki at awéwé pasanganana (BPS, AR/29/12)
25. *Babalingbingan* : bitis tukang maén bal anu jiga balingbing matak gigis lawan (BPS, AR/30/17)
26. *Banténg bayangan* : banténg anu geus tatu nu ngamuk nguwak-ngawik henteu sieuneun nanaon (BPS, AR/32/3)
27. *Batok bulu eusi madu* : wadah murah tapi eusina luhur ajénna (BPS, AR/32/17)
28. *dah bawang dah kapas* : dibayar kontan, barang dicokot duitna dibayar (BPS, AR/33/19)
29. *dibéjér-béaskeun* : ditétélakeun kalawan rinci (BPS, AR/34/23)
30. *bégalan pati* : tarung silih bégal pati, silih arah pati, silih paéhan (BPS, AR/35/8)
31. *ngabéjaan bulu tuur* : ngabéjaan jalma anu geus terangeun (BPS, AR/35/11)
32. *kabedil langit kabéntar méga* : kalinglap (BPS, AR/36/10)
33. *saconggo buuk* : saeutik-eutik acan (BPS, AR/48/1)
34. *jauh ka bedug* : jauh ka tempat bedug (BPS, AR/36/19)
35. *ngadagoan belut buluan* : ngadagoan anu mustahil kajadian (BPS, AR/37/8)

36. *awéwé mah gédé bendunganana* : hahalangan, daya tahanna, awéwé leuwih kuat ngahareupan gogoda (BPS, AR/37/12)
37. *kawas beubeulahan térong* : digunakeun pikeun nyebut dua jelema atau barang anu mirip pisan népi ka hésé ngabédakeuna (BPS, AR/38/27)
38. *beungeut nyanghareup ati mungkir* : pamajikan anu henteu sumujud ka salaki (BPS, AR/39/21)
39. *bilatung dulang* : budak leutik nu keur meujeuhna beuki dahar (BPS, AR/41/19)
40. *abongkéna biwir teu diwengku, létah teu tulangan* : nyarita sangeunahna sorangan (BPS, AR/41/27)
41. *bobor karahayon* : ngalaman sué (BPS, AR/42/16)
42. *ngabuburit* : indit ti imah pasosoré ngadagoan Magrib (BPS, AR/47/1)
43. *cadu mundur sacongo buuk, haram ngejat satunjangan béas* : ucapan nu némbongkeun rék tagen dina pamadegan sanajan nepi ka pati (BPS, AR/49/ 9)
44. *ka cai jadi saleuwi ka darat jadi salebak* : runtutraut nu laki rabi nu sosobatan (BPS. AR/49/28)
45. *Mageuhan cangcut taliwanda* : maké geus saged pikeun prung tarung ngayonan musuh (BPS, AR/51/8)
46. *Caturangga* : élmu ngeunaan sipat kuda (BPS, AR/52/30)
47. *Cau ambon dikorangan, kananga ka pipir-pipir* : bogoh sorangan, teu dilayanan ku nu dipikabogoh (BPS, AR/53/6)
48. *Si cépot jadi Raja* : jalma anu lain cabakna da henteu bogaeunkasanggupan anu dipikabutuh jeneng jadi pangkat (BPS, AR/53/ 18)
49. *Asa ditonjok congcot* : meunang kabungahan anu luar biasa (BPS, AR/56/21)
50. *Ilang dangiangna* : leungit komarana (BPS, AR/61/15)
51. *Dulang tinandé* : dilarapkeun ka awéwé dina jaman baheula (BPS, AR/64/1)
52. *Jiga nanggeuy endog beubeureumna* : hati-hati ngajeujeuhkeun anak kameumeut hiji-hijina (BPS, AR/67/7)

53. *moal aya gantar kakaitanana* : moal aya rambat kamaléna (BPS, AR/69/15)
54. *genténg-genténg ulah potong* : sanajan hasilna henteu maksimal nepi ka lputut pisan (BPS, AR/71/23)
55. *goong kabuyutan* : goong karamat anu langka ditakol ku sabab dianggap boga kakuatan supernatural (BPS, AR/72/19)
56. *sagolék pangkék, sacangreud pageuh* : jalma anu omonganana tara luncar mulang, jejem (BPS, AR/ 73/1)
57. *sawah guludug* : sawah tadaah hujan (BPS, AR/73/22)
58. *guru bukti* : kakara percaya lamun geus aya bukti henteu cukup ku omongan baé (BPS, AR/74/ 19)
59. *hajat numbas* : salametan nu diayakeun ku pihak pangantén lalaki (BPS, AR/75/ 9)
60. *kawas hayam keur endongan* : élékésékéng henteu sabar (BPS, AR/78/14)
61. *lir durukan huut* : ti luar mah henteu ka tingal, tapi di jéro aya bahaya nu keur lumangsung cara durukan huut nu ruhay di jéro (BPS, AR/82/24)
62. *ngindung ka waktu, ngabapa ka jaman* : ulah tinggaleun jaman, kudu nyluyukeun diri kana parobahan jaman (BPS, AR/84/3)
63. *nurutkeun indung suku* : leumpang tanpa tujuan (BPS, AR/84/12)
64. *Ngingu maung kuru, geus lintuh kalah nekuk* : nulungan jalma nu keur ripuh tapi sabada jugala malah nyilakakeun (BPS, AR/85/6)
65. *Lindeuk japatieun* : jiga lindeuk tapi rék ditéwak tara beunang (BPS, Ar/ 87/7)
66. *Ménta jembar pangampura* : ménta ditawakup, menta dihampura sagala dosa. (BPS, AR/89/10)
67. *Kawas kacang ninggang kajang* nu nyarita nya gancang nya tarik tara aya eureunna (BPS, AR/93/1)
68. *Kawas kapuk kaibunan* : ngagambankeun anu kalenger atawa kapupul bayu (BPS, AR/95/22)
69. *Kokoro manggih mulud, puasa manggih lebaran* : jalma miskin anu mangpang-meungpeung popohoan waktu meunang rejeki (BPS, AR/100/12)

70. *Pakokolot supa* : umurna henteu pasti béda (BPS, AR/100/27)
71. *Nepi ka pakotrék iteuk* : harepan anu laki rabi sing lulus banglus nepi ka kolot pada-pada mamaké itéuk nu sok pakotrék (BPS, AR/1001/20)
72. *Kulak canggeum* : takdir, nasib nya éta milik nu geus ditangtukeun méméh lahir (BPS, AR/102/3)
73. *Mangpéngkeun kuya ka leuwi* : nitah jalma ka tempat anu dipikaresep ku manéhna népi ka moal balik deui (BPS, AR/103/11)
74. *Asa heurin ku letah* : hésé rék nyarita satarabasna (BPS, AR/107/6)
75. *Legá sawah buncir leuir* : ngagambarkeun jalma jegud di lembur (BPS, AR/107/23)
76. *Lindeuk japatieun* : il. Japati (BPS, AR/110/22)
77. *Dilisanan* : dipegat, ditalak (BPS, AR/110/25)
78. *Ngahudangkeun macan turu, ngusik-ngusik ula mandi* : nyieun pagawéan anu nimbulkeun bahaya (BPS, AR/113/5)
79. *Matangpuluhan* : salametan 40 poéna ti sadugna nu maot (BPS, AR/115/21)
80. *Kop maung, kop badak* : henteu dipaliré, pijadieunanan kumaha nasib baé (BPS, AR/116/14)
81. *Monyét ngagugulung kalapa* : jalma nu boga élmu tapi ngan terang luarna wungkul (BPS, AR/117/23)
82. *Mulih ka jati, mulang ka asal ka kalanganan* : pupus, maot (BPS, AR/118/13)
83. *Ngalajur napsu* : nganteur kahayang napsu nu taya seubeuhna (BPS, AR/120/1)
84. *Ngunduh mantu* : ngala mantu, hajat nu dilaksanakeun di imah panganten lalaki (BPS, AR/122/10)
85. *Sarebuk masérang nyamu* : jumlah barang anu saeutik pisan (BPS, AR/123/1)
86. *Nyeuri beuheung sosonggéteun* : beuheung (BPS, AR/123/17)
87. *Ngomong gé sabedug sakali* : nyindiran anu cicingeun (BPS, AR/125/7)
88. *Papanoneun* : ngarep-ngarep nu datang atawa kikiriman (BPS, AR/129/7)
89. *Milih-milih rabi* : neangan pangabetah, nyiar nu cocog jeung haté (BPS, AR/134/18)

90. **Pupujian** : lagu basa Sunda anu sok dihaleuangkeun di masigit (BPS/AR/137/3)
91. *Dipulung minantu* : dikawinkeun jeung anakna (BPS, AR/138/1)
92. *Saméméh dipundut nyawa* : saméméh maot (BPS, AR/138/5)
93. *Sapu nyere pegat simpay* : pileuleuyan (BPS, AR/144/7)
94. *Didagoan ku sééng nyéngsréng* : sééng geus ditagogkeun tur geus nyéngsréng (BPS, AR/145/18)
95. *Sungut sambung lémék suku sambung leumpang* : nuduhkeun yén nu nyarita saenyanan henteu boga kakawasaan nanaon (BPS, AR/151/1)
96. *Surup jeung lelembutan* : cocog jeung haté (BPS, AR/151/10)
97. *Takdir nu teu beunang dipungkir* : katungtuan nasib nu teu tangtu bisa dirobah deui (BPS, AR/152/9)
98. *Ditambang* : awéwé anu katalian ku tikah tapi papisah jeung salakina (BPS, AR/153/18)
99. *Tamiang meulit ka bitis* : katidiresa ku polah sorangan (BPS, AR/153/24)
100. *Taya tangan pangawasa* : jiga anu dipupul bayu (BPS, AR/154/18)
101. *Tikoro andon péso* : nandonkeun hirup pikeun ngayakinkeun yén omonganana henteu palsu (BPS, AR/158/19)
102. *Kauntung tipung katembong béas* : kalaksanakeun (BPS, AR/159/15)
103. *Teu tuah teu dosa* : henteu boga kasalahan nanaon (BPS, AR/160/19)
104. *Turun ranjang* : kawin ka adi pamajikan atawa salaki (BPS, AR/164/6)
105. *Geus ningang kana ugana* : geus nepi kana waktuna (BPS, AR/166/11)
106. *Darma Wawayangan* : hirup di dunya lir wayang anu diusik-malikkeun ku dalang, henteu daya upaya (BPS, AR/172/10)
107. *Ti wiwitan nepi ka wekasan* : ti mimiti nepi ka akhir (BPS, AR/172/13)
108. *Aki-aki tujuh mulud* : sesebutan ka lalaki nu geus kolot pisan (BPS, AR/11/19)
109. *Asa digerihan ku hinis* : awi seukeut (BPS, AR/18/15)
110. *Ngaliarkeun taleus ateul* : taleus (BPS, AR/19/6)
111. *Galeuh kangkung awi bitung* : il. Galeuh (BPS, AR/19/27)
112. *Basa téh cicirén bangsa* : basa nyirikeun hiji bangsa (BPS, AR/25/1)

113. **Kurung batok** henteu lampar, teu réa kanyaho (BPS, AR2/25/19)
114. **Batur sakasur** : pamajikan atawa salaki (BPS, AR2/25/27)
115. **Pabéasan** : pamajikan (BPS, AR2/26/19)
116. **Ngiring bélasungkawa** : berdukacita (BPS, AR2/27/1)
117. **Béngkok tikoro** : sial, henteu kabagian dahareun ngeunah atawa barang istiméwa ku sabab kapandeurian (BPS, AR2/27/11)
118. **Ngabebegigan** : nyingsieunan (BPS, AR2/27/18)
119. **Indit ngusap birit** : indit sapangjodogan (BPS, AR2/31/11)
120. **Bonténg ngalawan kadu** : il. Merak (BPS, AR2/32/14)
121. **Ngabubur beureum ngabubur bodes** : salametan (BPS, AR2/33/5)
122. **Jaman cacing dua saduit** : jaman baheula (BPS, AR2/39/4)
123. **Teu katénjo curuk-curuk acan** : poék pisan nepi ka curuk anu dideukeutkeun kana panon ogé teu katenjo (BPS, AR2/44/19)
124. **Damar sewur** : lampu rapang nu dipasang dina waktu aya nu hajatan (BPS, AR2/46/18)
125. **Ngadaun ngora** : hirup deui sumangetan, jadi ramé deui (BPS, AR2/47/19)
126. **Dogdog pangrewong** : dogdog panggedéna dina réog (BPS, AR2/49/11)
127. **Nyoo gado** : ngahina, ngaheureuykeun (BPS, AR2/55/1)
128. **Diheulang** atawa **disamber heulang** : direbut batur (BPS, AR2/67/9)
129. **Ngahihileudan** : nyingsieunan (BPS, AR2/68/25)
130. **Kumaha kembang honjéna baé** : kumaha béhna (BPS, AR2/69/29)
131. **Indung-indungan** : awéwé nu umurna saindungeun (BPS, AR2/73/24)
132. **Ngipri** : munjung ka oray (BPS, AR2/74/18)
133. **Jaman tai kotok dilebuhan** : jaman baheula (BPS, AR2/77/19)
134. **Jampé pileumpeuhan** : jangjawokan pikeun meruhkeun musuh sangkan leumpeuh (BPS, AR2/77/24)
135. **Asa murag jajantung** : reuwas kacida asa jantungan (BPS, AR2/78/17)
136. **Jarah ka tanah suci** : munggah haji (BPS, AR2/78/25)
137. **Jojodog unggah ka salu** : dilarapkeun ka jalma upamana urut badéga anu unggah adat ku lantaran dikawin ku dunungan (BPS, AR2/80/26)
138. **Sisit kadal** : goreng milik (BPS, AR2/83/10)

139. *Lir kalakay ditebak angin* : kokoléangan teu aya ceuceukeulan (BPS, AR2/84/10)
140. *Dunya teu sadaun kélor* : dunya téh lega henteu heureu cara daun kélor (BPS, AR2/87/9)
141. *Kumpul kebo* : hirup bareng cara salaki-pamajikan (BPS, AR2/88/1)
142. *Pariuk manggih kekeb* : il. Pariuk (BPS, AR2/88/13)
143. *Ngijéng sila bénkok sembah* : henteu satia gumati boh ka Raja, dunungan atawa salaki (BPS, AR2/99/18)
144. *Adean ku kuda beureum* : agul gumagah ku papakén beunang nginjeum (BPS, AR2/93/8)
145. *Lauk geus asup kana bubu* : asup kana pitapak batur, asup kana tataheunan batur. (BPS, AR2/98/5)
146. *Ceuli lentaheun* : il. Ceuli (BPS, AR2/98/19)
147. *Leuweung ganggong sima gonggong* : leuweung geledegan anu jadi tempat panonoban sasatoan galalédé jeung garalak (BPS, AR2/100/4)
148. *Lolongséran* : ceurik bari gégerléngan atawa gugulingan (BPS, AR2/101/10)
149. *Jadi manukna* : jadi urang dinya, jadi jalma matuh di dinya (BPS, AR2/105/15)
150. *Mamataeun* : nu dipikamelang asa aya baé dina mata, katéno baé (BPS, AR/105/22)
151. *Pacikrak ngalawan merak, bonténg ngalawan kadu* : ngalawan anu jauh leuwih kuat jeung luhur martabatna, ngalawan anu henteu satanding (BPS, AR2/107/2)
152. *Moro julang, ngaleupaskeun peusing* : il julang (BPS, AR2/109/11)
153. *Munjung* : muja ka sétan siluman ku lantaran hayang beunghar (BPS, AR2/110/2)
154. *Jadi Nyai-nyai juragan kawasa*: jadi piaraan juragan kawasa (BPS, AR2/116/1)
155. *Oray buluan* : hal anu mustahil kajadian (BPS, AR2/117/5)

156. *Hayang meunang pala kalah meunang palu* : ngarep-ngarep meunang pamuji jeung hadiah, kalah ka sabalikna dicarékan sarta dihukum (BPS, AR2/120/14)
157. *Mapatkeun pamepesan* : jangjawokan pikeun ngaleungitkeun pangaruh élmu gaib anu digunakeun pikeun meruhkeun musuh (BPS, AR2/20/22)
158. *Neda agung nya paralun, neda jembar sih haksami* : ménta dihampura lamun aya kasalahan (BPS, AR2/122/10)
159. *Tali paranti* : adat kebiasaan, tradisi (BPS, AR2/122/19)
160. *Urang pasar* : golongan padagang (BPS, AR2/123/27)
161. *Jadi mépétek* : ngagambarkeun kawaluratan jalma leutik (BPS, AR2/127/4)
162. *Péso pangot ninggang lontar* : katuliskeun, takdir, kadar, nasib (BPS, AR2/127/13)
163. *Melak cabé moal jadi bonteng* : nasib jelema moal jauh tina bubuatanana (BPS, AR2/ 128/1)
164. *Satapak peucang* : nuduhkeun tanah anu henteu lega, malah heureut pisan (BPS/AR2/129/)
165. *Peurih peujit* : ngarasa lapar, ku sabab geus liwat waktuna can diraraban kadaharan (BPS, AR2/129/1)
166. *Puput umur* : maot, geus pastina (BPS, AR2/135/90)
167. *Irung rebéh* : irung beukah, irung kembung dumeh dipuji (BPS, AR2/141/30)
168. *Nyambat nini aki* : nyebut nini aki dina jéro haté (BPS, AR2/144/23)
169. *Pasaréan* : makam, pakuburan (BPS, AR2/146/19)
170. *Sireum gé ditincak-tincak teuing mah ngégél* : jalma leutik gé lamun terus-terusan dihina tangtu ngalawan (BPS, AR2/150/11)
171. *Nyuguh* : nyayagikeun sasajén keur karuhun atawa dedemit nu ngageugeuh di hiji tempat nurutkeun kapercayaan pra-Islam (BPS, AR2/151/5)
172. *Kasurupan* : kacalikan, karanjingan, kasarumahan (BPS, AR2/152/5)
173. *Susuk bendung babad jalan* : pagawéan ngurus cai keur sawah jeung patalimarga (BPS, AR2/152/16)

174. *Langka ditabeuh* : langka diwayangkeun, langka dibahas (BPS, AR2/153/1)
175. *Tangan-tangan korsi* : korsi nu digirna aya kaian pikeun neundeun leungeun lamun keur diuk (BPS, AR2/156/7)
176. *Tani kari daki, dagang tinggal hutang* : ngagambankeun kaayaan anu sagala salah, rahayat hirupna ripuh (BPS, AR2/156/14)
177. *Moal ditarajéan* : moal ménta tulung ka nu lian, wani nyanghareupan ku sorangan (BPS, AR2/1575)
178. *Carangcang tihang* : nuduhkeun waktu bada janari gedé (BPS, AR2/159/12)
179. *Ditiung méméh hujan* : sasayagian pikeun nyangareupan kaayaan sulit nu matak ripuh (BPS, AR2/162/2)
180. *Patonggong-tonggong* :pasalian pisan, papalingpang (BPS, AR2/162/19)
181. *Kawas ucing ngintip beurit* : kawas nu rék ngerekeb sagapruk-gaprukeun (BPS, AR2/167/4)
182. *Teu uyahan* : jalma anu tingkah jeung omonganana matak pikasebeleun (BPS, AR2/170/19)
183. *Abang-abang lambé* : beureum biwirna wungkul, caritaan nu ngan saukur keur ngangeunahkeun haté batur (1000BPS, T/12/1)
184. *Asa kagunturan madu kaurugan menyan bodas* : kacida bungahna jeung kacida bagjana (1000BPS, T/15/2)
185. *Biwir nyiru rorombéngéun* : resep nyaritakeun cécék bocék jeung anu saenyana kudu dirusiahkeun (1000BPS, T/19/5)
186. *Buruk-buruk papan jati* : sanajan ngéwa atawa ngambek ka dulur baraya anu landes, tapi manehna meunang karerepet mah, teu wéleh hayang nulungan jeung ngahampuran kasalahannana (1000BPS, T/22/4)
187. *Cacarakan* : kakara diajar, tacan bisa bener (1000BPS, T/23/20)
188. *Caringcing pageuh kancing, saringset pageuh iket* : taki-taki ngajaga kaamanan (1000BPS, T/24/12)
189. *Cukang tara neangan nu ngising* : nu hayang ditulungan sapantesna datang ka nu rék dipéntaan tulungna (1000BPS, T/25/19)

190. *Dagang pindang ka Cirebon* : dagang barang ka tempat nyieun éta barang (1000BPS, T/26/1)
191. *Datang katingali tarang, undur katingali punduk* : datang kanyahoan, balik ogé kanyahoan, ménta idin heula (1000BPS, T/16/14)
192. *Gedé hulu* : adigung (1000BPS, T/33/12)
193. *Hade ku omong, goreng ku omong* : sagala rupa perkabiasa dianggap hadé atawa goréng ku batur gumantung kana caritaan urang kana basa anu dipaké ku urang (1000BPS, T/38/5)
194. *Hapa hui* : teu jamuga (1000BPS, T/39/13)
195. *Hérang caina beunang laukna* : hasil maksud ku jalan badami, henteu ku paksa pirusa (1000BPS, T/41/16)
196. *Jaman bedil sundut* : jaman baheula (1000BPS, T/48/7)
197. *Jaman kuda ngégél beusi* : jaman baheula pisan (1000BPS, T/48/12)
198. *Jengkol aya usumna* : pikeun nyindiran nu loba ékol (1000BPS, T/49/29)
199. *Kacanir bangban* : kawiwirangan meunang kaera (1000BPS, T/51/7)
200. *Kawas bodor réog* : jelema anu tingkah lakuna pikaseurieun (1000BPS, T/54/15)
201. *Kawas bujur aseupan* : diuk teu daék cicing (1000BPS, T/45/24)
202. *Kawas dodol bulukan* : kulit hideung diwedakan teu rata (1000BPS, T/55/12)
203. *Kembang carita* : jadi bahan carita anu narik perhatian dina riungan (1000BPS, T/59/7)
204. *Keuyeup apu* : jalma anu éléhan jeung euweuh kahayang (1000BPS, T/60/3)
205. *Kujang dua pangadékan* : usaha anu ngadatangkeun dua kauntungan (1000BPS, T/61/11)
206. *Kur'an butut* : dilarapkeun kana turunan menak (1000BPS, T/62/15)
207. *Lalaki kembang kamangi* : lalaki teu bisa nyukup kabutuhan rumah tangga (1000BPS, T/63/18)
208. *Lé tah leuwih seukeut manan pedang* : raheut haté ku omongan leuwih peurih karasana ti batan raheut (tatu) biasa (1000BPS, T/65/6)

209. *Leutik-leutik cabé rawit* : ilikan leutik-leutik ngagalitik (1000BPS, T/65/30)
210. *Lungguh tutut bodo kéong, sawah sakotak kaider kabéh* : siga nu lungguh katénjoa, padahal bangor (1000BPS, T/67/18)
211. *Matak pajauh huma* : matak teu silihpikanyaah, tara dibéré réjéki (1000BPS, T/70/27)
212. *Meunang kopi pait* :digelendeng atawa dicarékan ku dunungan (1000BPS, T/72/5)
213. *Moal ditarajéan* : teu sieun (1000BPS, T/73/26)
214. *Neukteuk leukeur meulah jantung, geus lain-lainna deui* : teu hayang dibalikan deui (1000BPS, T/77/10)
215. *Ngabuntut bangkong* : teu bisa méré keterangan sacara écés pisan atawa teu bisa nganggeuskeun pagawéan (1000BPS, T/77/14)
216. *Ngadeupaan lincar* : karalang-kuriling deukeut imah nu keur hajat ngarah diondang (1000BPS, T/78/10)
217. *Ngadu angklung* : papaduan atawa paréan réa omong nu taya gunana (1000BPS, T/78/12)
218. *Ngahurun barun ku tulang* : nangkeup tuur nandakeun keur bingung atawa susah (1000BPS, T/78/14)
219. *Ngembang bako* : bosongot (1000BPS, T/80/19)
220. *Ngembang boléd* : tépéla (1000BPS, T/80/21)
221. *Ngembang céngék* : mencéngés, nenggang ti nu séjén, geulis (1000BPS, T/81/1)
222. *Ngembang génjér* : gélényé (1000BPS, T/81/4)
223. *Ngembang jaat* : jalingeur (1000BPS, T/81/7)
224. *Ngembang jambu* : lumenyap (1000BPS, T/81/9)
225. *Ngembang kaso* : ciriwis, cilimit (1000BPS, T/81/13)
226. *Ngembang kadu* : olohok, molohok (1000BPS, T/81/15)
227. *Ngembang laja* : jamorot (1000BPS, T/81/18)
228. *Ngembang paré* : baringsang (1000BPS, T/81/25)
229. *Ngembang tiwu* : ngabadaus (1000BPS, T/81/1)
230. *Ngembang waluh* : aléwoh (1000BPS, T/82/5)

231. *Ngepung méja* : dariuk sakurilingeun méja (1000BPS, T/82/8)
232. *Pait paria* : pait ngeunah (1000BPS, T/90/3)
233. *Panday tara boga bedog* : nyindiran tukang nyieun sarupaning barang, nu teu bogaeun éta barang nu sok dijieguna (1000BPS, T/90/7)
234. *Ngagéprak reumis* : purah diutah-etah, ngajalankeun anu lumayan (1000BPS, T/90/14)
235. *Panjang leungeun* : sok pulang-paling (1000BPS, T/90/17)
236. *Pareumeun obor* : teu nyaho saha-saha nu jadi baraya atawa karuhun lantaran taya nu méré nyaho (1000BPS, T/91/12)
237. *Pasrah arit* : pasrah luarna atawa basana wungkul , henteu terus jeung haté (1000BPS, T/91/21)
238. *Potol téko* : potol pisan, parna atawa kacida potolna (1000BPS, T/94/5)
239. *Pucuk awian, lir awi sumáér di pasir* : pula-pilu, plin-plan teu boga tangtungan sorangan (1000BPS, T/94/11)
240. *Ragaji Inggris* : jalma anu bisa pisan nipi ku jalan ngolo-ngolo (1000BPS, T/95/1)
241. *Reuneuh munding* : reuneuh leuwih ti salapan bulan (1000BPS, T/96/16)
242. *Saampar samak* : sageblég (lahan) jeung kaayaanana méh sarua (1000BPS, T/97/1)
243. *Sabuni-buni tarasi* : il. Sabuni-buni anu ngising (1000BPS, T/96/12)
244. *Sawaja sabeusi* : sarua martabatna (1000BPS, T/100/2)
245. *Sisit kancra* : goréng milik (1000BPS, T/102/21)
246. *Tarajé nanggeuh dulang tinandé* : siap atawa sadia ngajalankeun parentah (1000BPS, T/104/11)
247. *Urang kampung bau lisung, cacah rucah atah warah* : jelema dusun (1000BPS, T/116/3)
248. *Ari diarah supana, kudu dijaga catangna* : ari aya barang (banda) nu diala hasilna, kudu daek ngurusna (1000BPS, T/120/11)
249. *Ayakan mah tara munang kancra* : usaha ku modal leutik hasilna ogé moal gédé (1000BPS, T/121/3)
250. *Dagang oncom racatan emas* : modal gedé ari anu dijual jeung diarah batina teu sabaraha (1000BPS, T/126/5)

251. *Kawas pantun teu jeung kacapi* : bisa mapatahan wungkul, teu bisa nyontoan (1000BPS, T/135/17)
252. *Legok tapak genténg kadék* : loba luang jeung pangalamana (1000BPS, T/137/9)
253. *Mangkok emas eusi madu* : jelema nu hadé terus omongana alus gékna hadé, lampahna bageur (1000BPS, T/138/14)
254. *Suluh besem ogé ari diasur-asur mah hurung* : jalma sabar ogé ari hantem diangsongan mah piraku cicing baé teu timbul napsuna (1000BPS, T/153/17)
255. *Datang katingali tarang, undur katingali punduk* : datang kanyahoan, balik ogé kanyahoan, ménta idin heula (1000BPS, T/16/14)